



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ RANPLASMAN PON KI KOUTE PRÈSKE 15 MILYON DOLA KI RELYE KOMINOTE YO NAN HUDSON VALLEY

Pwojè 10.9 milyon dola ranplase pon Route 6 Etazini an nan Konte Putnam, amelyore sekirite ak koneksyon pou Vilaj Brewster

Pwojè 4 milyon dola ranplase pon Route 209 Eta sou Fantine Kill nan Konte Ulster, yon wout vwayaj enpòtan pou Vilaj Ellenville

Foto pwojè Route 6 Etazini ki te fini an disponib [isit la](#), ak pwojè Route 209 Eta a [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman konstriksyon sou de pwojè ranplasman pon ki konekte kominote yo nan Hudson Valley. Yon pwojè 10.9 milyon dola nan Vilaj Brewster nan Vil Sidès nan Konte Putnam te ranplase pon Route 6 Etazini an sou Liy Rivyè Harlem Wout Ray Metro-North la. Yon pwojè 4 milyon nan vil Wawarsing nan Konte Ulster County te ranplase pon Route 209 Eta sou Fantine Kill la.

"Pandan n ap rebati enfrastrikti nou an, li enpòtan pou nou bay priyorite epi mete aksan sou bezwen kominote a ak koneksyon nan Hudson Valley ak toupatou nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou angaje nan pwojè ki pote transfòmasyon tankou sa yo ki rasanble kominote yo pi pwòch ansanm epi ankouraje sekirite, aksè ak kwasans ekonomik."

"Achèvmman ranplasman de pon sa yo pral yon gwo viktwa pou Hudson Valley, sa k ap relye kominote sa yo ak lòt kominote yo atravè rejyon an", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Repare enfrastrikti demode nou yo, tankou pon ak wout nou yo, enpòtan anpil pou asire ke ti vil nou yo toupatou nan Eta New York ka pwospere ak grandi."

Pwojè pon Route 6 Etazini an amelyore sekirite epi amelyore kondisyon vwayaj yo nan yon wout ki gen anpil vwayaj ki sèvi kòm yon pòtay nan Brewster ak estasyon tren li yo. Nouvo pon an te konstwi 75 pye nan sid estrikti ki egziste a, sa ki te kreye yon entèseksyon dirèk ak Michael Neuner Drive epi li te akonpli yon objektif plan jeneral Vilaj la pou amelyore aksè ak anba lavil la epi bay pi bon koneksyon ak katye lwès nan Brewster yo.

Pwojè pon Route 209 Eta a te ranplase yon estrikti ki gen prèske 50 ane pa yon nouvo travès an asye ki mezire 43 pye ak yon platfòm an beton ranfòse ki amelyore sekirite ak ogmante mobilite ansanm ak yon konektè vital ki konekte Ellenville ak sant komèsyal ki tou pre yo ansanm ak tout Lopital Rejyonal Ellenville (Ellenville Regional Hospital) la. Pwojè sa a te itilize pratik jeni dirab tou pou ede pwoteje anviwònman an.

Pon Route 6 Etazini an nan Konte Putnam

Kòm yon pati nan pwojè sa a, ki te kòmanse nan sezon otòn 2019 la, yo te ranplase twa pon travès ki egziste deja ki mennen Route 6 Etazini an sou Wout Ray Metro North la pa yon pon modèn ki gen pout an asye ak yon sèl travès ak yon platfòm an beton ki diminye depans antretyen yo. Nouvo pon an gen tou karakteristik sekirite amelyore, ki gen ladan akotman ki pi laj ak pasaj pyeton ak kloti pwoteksyon sou toude bò yo.

Kòm yon avantaj adisyonèl epi pou kenbe estetisite kominote a, achitèk peyizaj NYSDOT yo te aplike yon plan pou nouvo peyizaj, ki enkli apeprè 75 pye bwa ak 250 plantil. Anplis de sa, yo te monte poto an wòch istorik yo nan zòn pwojè a pou akomode nouvo elevasyon wout adjasan an. Yo te enstale nouvo pano sikilasyon ak pasaj pou pyeton nan entèseksyon Route 6 ak Michael Neuner Drive. Yon nouvo sistèm drenaj te konstwi nan tout nivo pwojè a, ki gen ladan enstalasyon yon nouvo estrikti kontwòl fliks ak yon nouvo sistèm tretman dlo lapli pou ede pwoteje anviwònman an. Travay sèvis piblik anba tè te enkli enstalasyon dlo, egou, gaz, ak liy kominikasyon atravè nouvo pon an, ansanm ak ranplasman koneksyon sèvis piblik anba tè ki egziste a ki adjasan ak pon an.

Yo te kenbe sikilasyon sou pon ki deja egziste a ak Route 6 pandan y ap konstwi nouvo pon an ak re-aliman wout la.

Pon Rout 209 Eta a nan Konte Ulster

Konstriksyon nouvo pon an te kòmanse nan prentan 2020. Li prezante twotwa ki pi laj pou pyeton yo ak yon nouvo liy viraj sou Route 209 Eta a pou pi byen akomode sikilasyon ki mennen nan lari ki kwaze toupre yo, tankou Aluminium Drive, Washington Avenue ak Ellenridge Parkway. Yo te enstale tou yon pano sikilasyon ak kamera nan Aluminum Drive epi yo te fè amelyorasyon nan pano yo nan Washington Avenue. Anplis de sa, Ellenridge Parkway kounye a gen yon liy viraj agoch eksklizif pou mobilite ki pi fasil.

Aparèy kontwòl sikilasyon modènize yo ak liy viraj yo pral amelyore sikilasyon machin yo epi redwi tan arè ak emisyon yo. Yo te resikle tou asfalt ki soti nan wout orijinal la epi yo te bay vilaj la li pou itilize nan pwochen pwojè yo. Liy dlo ak egou ki pa izole ki te lokalize sou twotwa pon orijinal la te ranplase ak tiyo izole anba nouvo estrikti a pou pwoteje kont konjelasyon ak amelyore rezistans.

Yo te retabli bèj kouran yo sou Fantine Kill la, sa ki te kreye yon pwoteksyon natirèl pou pon an, epi yo te retire yon miray ranpa an amon epi ranplase li pa yon pant an wòch natirèl, ki estetikman agreyab epi ki pèmèt antretyen pi fasil.

Annakò ak Inisyativ Drivers First (Chofè yo An Premye) New York la, yo te elabore pwojè a yon fason pou kapab minimize enpak sou sikilasyon. Pou fasilite aksè pou pyeton, bisiklèt ak otomobilis pandan pwojè a, yo te enstale yon pon tanporè sou plas pou kenbe sikilasyon an epi evite nesese pou yon detou.

Komisè NYSDOT, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann byennèt kominote nou yo lye ak fòs ak fyabilite enfrastrikti transpò nou an. Pwojè sa yo amelyore sekirite ak koneksyon epi ede kenbe vwayaj san enteripsyon nan koridò enpòtan yo nan Ellenville ak Brewster. Nan kad angajman nou an vè Vilaj Brewster, nou te fè aranjman an out 2021 pou parad 150èm anivèsè Depatman Ponpye Brewster a, lè nou te fè aksè san danje pou wout parad la atravè zòn pwojè a."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Investisman enfrastrikti enpòtan tankou pwojè ranplasman pon sou Route 6 nan Brewster entegral pou kenbe rebondisman ekonomik New York la apre pandemi an. Finisman pwojè sa a pral benefisyè rezidan lokal yo ak pwopriyetè biznis yo nan plizyè fason pandan y ap veye sou risk sekirite piblik yo pou moun k ap vwayaje sou wout sa a."

Senatè Mike Martucci te deklare, "Wout Eta nan nò Eta New York yo te neglije depi lontan epi yo te pèmèt yo andomaje. Pliralite kondisyon sifas yo konsidere kòm jis oswa pòv, sa vle di nou gen anpil travay pou fè pou ranplase enfrastrikti sa a ki aje a. Prosis sa a se kle nan pwosperite ekonomik alontèm nan kominote nou yo ak sekirite pasaje yo, kidonk mwen kontan travay Depatman Transpò a sou pwojè sa a nan distri Sena mwen an epi mwen rekonesan pou angajman Gouvènè a pran pou li fè pwogrè siyifikatif nan sa ki se yon domèn bezwen enpòtan."

Manm Asanble Brian Miller, te deklare, "Mwen kontan wè achèvmman pon Route 6 la nan Konte Putnam ak pon Route 209 nan Konte Ulster. Investisman enfrastrikti prèske 15 milyon dola sa a nan rejyon Hudson Valley vle di anpil bagay pou rezidan yo. Investisman nan enfrastrikti nou an pozitif pou kwasans ekonomik, amelyore aksè ak sèvis pou rezidan yo epi an jeneral amelyore sekirite otomobilis ki itilize pon sa yo. Mwen remèsye DOT Eta New York pou travay yo fè sou pwojè sa yo."

Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Patrick Ryan te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te investi nan Pon Route 209 Eta a sou Fantine Kill la - ki enpòtan anpil pou vwayaj ak aktivite ekonomik nan Rondout Valley ak odela. Amelyorasyon enfrastrikti tankou sa a kenbe koneksyon vital kominote nou yo pandan y ap asire sekirite rezidan yo ak vizitè yo tou, pandan y ap jwi tout sa Konte Ulster gen pou ofri."

Sipèvizè Vil Southeast la, Tony Hay, te deklare, "Re-aliman Route 6 ak nouvo pon an te amelyore anpil sa ki te yon entèseksyon twa wout ki te bay konfizyon epi ki te kawotik depi plizyè dizèn an sa ki kounye a se yon entèseksyon kat wout ki kontwole pa yon

limyè sikilasyon. Sa di ke, travay nou pou amelyore fliks sikilasyon nan vilaj la pral kontinye epi mwen pa ka tann pou m travay ak ekip Depatman Transpòtasyon an sou kèk nan zafè sa yo alavni."

Sipèvizè Vil Wawarsing lan, Terry Houck, te deklare, "Yo te chwazi ranplasman pon an sou Fantinekill la sou wout 209 nan Ellenville pou amelyore sekirite piblik nan Ellenville, ki se yon wout vwayaj enpòtan pou rezidan nou yo, vwazen yo ak rejyon nou yo. Vil Wawarsing remèsye tout moun ki patisipe nan ranplasman pon ki pi enpòtan sa a!"

Majistra Vilaj Brewster a, James Schoenig, te deklare, "Vilaj Brewster nan pwosesis pou yon gwo revitalizasyon nan fòm yon devlopman ki oryante nan direksyon transpò piblik nan kè Vilaj la, epi antre nan zòn sa a te etabli yon presedan pou sa ki gen pou vini alavni. Pon Route 6 la se nouvo pwèn antre ki akeyi moun nan kominote nou an. Vilaj Brewster kontan paske li genyen yon entèseksyon ki pi solid e ki pi an sekirite ki pral sèvi kòm yon antre nan Vilaj la pou moun k ap vwayaje sou Route 6. Pon an konekte vil avwazinant yo ak rezidan Vilaj nou an, men li aji kòm pon tou pou pote moun, machandiz, ak sèvis yo an sekirite nan Vilaj Brewster ki pral fèk modènize byento."

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de (2) oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj ki ajou, rele 511, vizite [511NY.org](https://www.511ny.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Suiv DOT Eta New York la sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT HV](https://twitter.com/NYS DOT HV). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://www.facebook.com/NYS DOT).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418